

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prakna panalungtikan pikeun kahontalna tujuan panalungtikan nya éta meunangkeun data anu dipiharep.

Ieu desain dipaké pikeun nganalisis sarta ngadéskripsikeun (1) kandaga kecap naon waé nu dikawasa ku siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi, (2) kumaha undakan ngawasa kabeungharan kecap basa Sunda siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah, nya éta: (1) ménta idin ka sakola pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, (2) nyieun jeung nyusun instrumén panalungtikan, (3) ngalaksanakeun jeung ngumpulkeun data, (4) ngolah data, jeung (5) nyieun kacindekan jeung saran sarta rékomendasi.

Desain panalungtikan digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1. Desain Panalungtikan

3.2 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Moleong (dina Arikunto, 2010, kc. 351) panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu sumber datana ngawujud jeung ditalaah leuwih jero dina wangun kekecapan lisan jeung tulisan sangkan bisa kacangkem maksudna.

Méthode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 2) nétélakeun yén méthode panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan jeung kagunaan nu tangtu. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kualitatif studi kasus. Nurutkeun Emzir (dina Sugiyono, 2017, kc. 15) méthode studi kasus nya éta studi kualitatif anu miboga tujuan pikeun maham, niténan prosés, jeung meunangkeun pamahaman ngeunaan jalma, kelompok, atawa situasi nu tangtu.

Nurutkeun Maxfield (dina Nazir, 1988, kc. 35) méthode studi kasus (*Case Study*) nya éta panalungtikan ngeunaan status subjék panalungtikan nu aya kasapukan jeung hiji fase spésifik atawa has ti sadaya personalitas. Tujuan studi kasus nya éta pikeun méré gambaran sacara rinci ngeunaan kasang tukang jeung sipat-sipat nu has tina hiji kasus, atawa status individu nu tuluy ti sipat-sipat has éta bakal dijadikeun hiji hal anu sipatna umum.

Nurutkeun Juliansyah (2013, kc. 16) méthode studi kasus nya éta ngawengku analisis inténsif jeung kontéktual kana situasi nu siga jeung organisasi séjén, di mana sipat jeung wangenan masalah nu kajadian nya éta sarupa jeung masalah nu keur dialaman ayeuna. Studi kasus dasarna nilik kalawan inténsif hiji individu jeung kalompok nu dipandang ngalaman kasus nu tangtu.

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun méthode kualitatif studi kasus. Sabab, ieu panalungtikan ngajéntrékeun jeung maham kana objék anu ditalungtik sacara spésifik minangka studi kasus, nya éta kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda siswa kelas VIII di SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi nu ngawengku kana pamahaman ngawasa kandaga kecap basa Sunda sarta undakan kamampuh ngawasa kandaga kecap siswa.

3.3 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Lincoln jeung Guba (dina Sugiyono, 2017, kc. 219) objék panalungtikan nyoko kana informan anu ditalungtik. Cara nangtukeun sampel panalungtikan kualitatif nya éta henteu dumasar kana hitungan statistik.

Sumber data ieu panalungtikan nya éta tina sampel primer nu mangrupa hasil tés kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi. Populasi siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Setu nya éta 400 siswa. Ku kituna, ditangtukeun sampel kanggo ieu panalungtikan nya éta 10% tina jumlah sadaya siswa kelas VIII nya éta 40 siswa nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan.

3.4 Lokasi Panalungtikan

Nurutkeun Spradley (dina Sugiyono, 2017, kc. 217) dina panalungtikan kualitatif istilah populasi teu digunakeun tapi anu digunakeunna nya éta situasi sosial nu ngawengku tempat, palaku, jeung aktivitas. Lokasi panalungtikan ditangtukeun ngaliwatan pra-observasi sarta tinimbang kudu aya di daérah Jawa Barat jeung make basa Sunda salaku basa Indungna. Tinimbang séjén nya éta tempat panalungtikan nu teu jauh sangkan aksés pikeun meunangkeun data henteu hésé. Ku kituna, panalungtik milih Kabupaten Bekasi salaku lokasi panalungtikan. Sampel nu dipikabutuh nya éta siswa kelas VIII SMP di SMP Negeri 1 Setu Kabupatén Bekasi.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta hiji alat nu dipaké pikeun ngukur kaayaan fénoména alam atawa sosial nu ditalungtik (Sugiyono, 2017, kc. 222). Tujuanna nya éta pikeun meunangkeun data kandaga kecap anu dipikabutuh pikeun panalungtikan.

a. Soal Tés

Nurutkeun Penny McKay (McKay, 2006, 20) kosakecap bisa diniléy ku cara ngagunakeun *types of discrete-point vocabulary*, di antarana nya éta soal ngajodohkeun jeung soal pilihan ganda. Ngajodohkeun gambar jeung kecap bisa digunakeun kanggo penilaian maca kosakecap. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun tés soal pilihan ganda nu ngawengku 120 kecap. Anu digolongkeun kana opat

dapur, nya éta: (1) 33 kecap barang, (2) 30 kecap pagawéan, (3) 32 kecap sipat, jeung (4) 25 kecap bilangan.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nya éta léngkah-léngkah anu kudu dilaksanakeun dina panalungtikan, sabab tujuan utama panalungtikan nya éta ngahasilkeun data. Lamun panalungtik teu apal kana kumaha téhnik ngumpulkeun datana, tangtu ogé moal bisa ngahasilkeun data standar anu geus ditangtukeun. Ditilik tina carana, téhnik ngumpulkeun data bisa dilaksanakeun ngaliwatan: (1) téhnik obsérvasi, (2) téhnik wawancara, (3) angké, (4) dokuméntasi, (5) gabungan opatanana (Sugiyono, 2017, kc. 224).

Ari téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

1) Téhnik Obsérvasi Partisipasi Pasip

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik obsérvasi partisipasi pasip. Hartina, panalungtik ngan datang ka tempat kagiatan panalungtikan anu dituju (sakola), tuluy panalungtik henteu ilubiung dina éta kagiatan. Téhnik ieu dipaké pikeun mikanyaho kumaha larapna basa Sunda anu dianggo ku siswa dina kahirupan sapopoéna.

2) Téhnik Tés

Nurutkeun Widoyoko (2010, kc. 26) tés mangrupa salasahiji alat pikeun pengukuran, nya éta alat pikeun ngumpulkeun informasi karakteristik tina hiji objék. Ieu panalungtikan ngagunakeun tés minangka salasahiji téhnik ngumpulkeun data. Nurutkeun Brown (2004, kc. 4) nétélakeun yén “*A number of assessment of reading recognition of vocabulary: multiple-choice technique, matching, picture-cued identification, close technique, guessing the meaning of a word in context, etc.*” Dumasar kana pamadegan Brown di luhur, format tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta soal tés pilihan ganda.

3) Téhnik Studi Dokuméntasi

Téhnik studi dokuméntasi digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun nganalisis hasil tés kamampuh siswa dina ngawasa kandaga kecap basa Sunda. Dokuméntasi nu diperlukeun nya éta hasil tés kamampuh ngawasa kandaga kecap basa Sunda siswa kelas VIII SMP Negeri 1 Setu.

4) Téhnik Angkét (kuésioner)

Téhnik ankét (kuésioner) mangrupa téhnik ngumpulkeun data nu dilakukeun ku cara méré patalékan atawa *pernyataan* tinulis pikeun dijawab ku réspóndén (Sugiyono, 2017, kc. 142). Téhnik ankét nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun téhnik patalékan campuran.

Dumasar kana tilu téhnik ngumpulkeun data di luhur dilaksanakeun prosedur panalungtikan di handap ieu:

- 1) Ngarumuskeun masalah minangka fokus panalungtikan
- 2) Ngumpulkeun data di lapangan panalungtikan
- 3) Nganalisis data anu geus dikumpulkeun
- 4) Ngarumuskeun hasil studi panalungtikan
- 5) Nyusun rékoméndasi pikeun meunangkeun kacindekkan.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun ti lapangan tuluy diolah ngaliwatan léngkah-léngkah di handap ieu:

- a) Ngarancang soal tés ngawasa kandaga kecap basa Sunda
- b) Ngadaptarkeun kekecapan anu dikawasa ku siswa sacara alpabetis
- c) Tabulasi dumasar kana kandaga kecap anu diujikeun, kode frékuénsi jeung perséntase.

$$\text{Rumusna: } \frac{\sum \text{KK nu dikawasa}}{\text{KK nu diujikeun}} \times 100\%$$

Keur nangtukeun tingkat kamampuh ngawasa kandaga kecap digunakeun skala pengukuran CEFR di handap ieu:

- 1 – 30% *Beginner*
- 31 – 40% *Elementary*
- 41 – 50% *Intermediate*
- 51 – 60% *Upper Intermediate*
- 61 – 70% *Advanced*

71 – 100% *Proficient*

(<https://www.efset.org/id/cefr/>)

- d) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data
- e) Nyieun kacindekan tina data anu geus dipaluruh.